ФIыкIэ, 2016 гъэ! Къеблагъэ, 2017 Илъэсыщ!э!

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№250 (23.408) • 2016 гъэм дыгъэгъазэм (декабрым) и 30, мэрем • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэрал чэнджэщэгъуэм и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэрал чэнджэщэгъуэ гъэувын **Бозий Натбий Мухьэмэд и къуэр**.
2. Мы Указым къару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий

Налшык къалэ
2016 гъэм дыгъэгъазэм и 23-м
№162-УГ

Созаев А. С. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Щыхь тхылъыр етыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

Лъэпкъ литературэм зегъэужьыным куэд зэрыхищIыхьам икIи жылагъуэ лэжьыгъэм жыджэру зэрыхэтым папщIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Щ!ыхь тхылъыр етын **Созаев Ахьмэт Султlан и къуэм** - «Тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ я фэеплъэр хъумэныкIэ урысейпсо зэгухьэныгъэ» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр советым и тхьэмадэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий

Налшык къалэ
2016 гъэм дыгъэгъазэм и 28-м
№164-УГ

● Дыгъуасэ

ЩIэблэм зезыгъэужь

Сабийхэм зыщрагъэужь «Дыгъэпс къалэ» академием дыгъуасэ къыщызэIуахащ «Кванториум» технопарк. Мы Iуэху дахэм хэтащ КЪБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий, КЪБР-м и Парламентым и Унафэщ! Егоровэ Татьянэ, УФ-м и Къэрал Думэм и депутат Геккиев Заур, федеральнэ инспектор нэхъыщхьэ Канунников Владимир, КЪБР-м Егъэджэныгъэмкlэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Iуэхуэмкlэ и министр Емуз Нинэ, нэгъуэщIхэри.

КЪБР-м И IЭТАЩХЬЭМ къыхигъэщащ, зэманым псынщIэу зэрызихъуэжыр къэлъытауэ, ныбжьыщIэхэм зэрызаужьыну Iэмалхэр нэхъыбэу егъэджэныгъэм къызэрыхэгъэхьапхъэр. «Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир Федеральнэ зэIущIэм дыгъэгъаззэм и 1-м Зэрызыхуигъэзам къыщыхигъэщащ ди щIалэгъуалэр егъэджэным гулъытэ хэха хуэтщIын хуейуэ. Абы жиIащ 2017 гъэм иджыри сабий технопарк 40 къэрал псом къыщызэIутхыныр ди къалэн нэхъыщхьэхэм зэращыщыр. Абы и лъэныкъуэкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрыр ялэ дызэриткъу си гуапэщ. Сыщогугъ егъэджэныгъэм епха Iуэху псоми адэкIи зедгъэубгъуфыну», - жиIащ КIуэкIуэ Юрий.

КъБР-м и Iэтащхьэм къыхигъэщащ сабий технопарк къызэрагъэпэщыным къэрал бюджетым щыщу сом мелуан 56-м щигъуэр республикэм и ахъшэу сом мелуан 24-рэ мини 122-рэ зэрытекIуэдар.

«ЩIэблэм лъабжьэфI еттмэ, ди щIыналъэм зэрызиужьынур хьэкъщ. Республикэм исхэм сохъуэхъу сэбэпышхуэ хъун мыпхуэдэ Iуэхущ!апIэ къызэрызэIутхамкIэ», - дыщIигъуащ КIуэкIуэм и псалъэм.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий-рэ «РусГидро» Iуэхущ!апIэм и правленэм и унафэщ! Шульгинов Николайрэ дыгъуасэ хэтащ Зэрэгъыж ГЭС-р лэжьэн зэрыщидзэм иращIэкIа Iуэхугъуэм.

Зэрэгъыж ГЭС-м лэжьэн щIедзэ

МЕГАВАТТ 30 и къаруу ягъэува станцыр 2011 гъэм яухуэн щIадзащ, ауэ нэхъыбэу лэжьыгъэхэр щрагъэкIуэкIар 2014 гъэрщ. Абы щагъэува гидроагрегатхэр Китай Республикэм къыщIигъэкIхэм щыщщ. Зэрэгъыж ГЭС-м къигъэсэбэпыну псыр Аушыджэр ГЭС-м игъэкъэбзауэ къыIэрыхьэнуращ.

КIуэкIуэ Юрий энергетикхэм фIыщIэ яхуищIащ ирагъэкIуэкIа лэжьыгъэшхуэм папщIэ. «Зэрэгъыж ГЭС-м нобэ лэжьэн зэрыщидзэр Къэбэрдей-Балъкъэрым дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэщ. Нэхъыщхьэращи, щIыналъэм и экономикэм зиужьыным ар щIэгъэкъуэн хуэхъунущ. ГЭС-р зыухуахэм я зэфIэкIым дрогушхуэ икIи дэтхэнэми фIыщIэ худощI. Мы Iуэхугъуэр Илъэсыщ!эм зэрырихьэлIами абы и мыхьэнэр нэхъыбэжу зыхьдегъащIэ. ХуэакIуэхэмрэ энергетикхэмри, абыхэм я Iыхьлыхэми дохъуэхъу узынщагъэ, гукъыдэж, ехьулIэныгъэ яIэну», - пищащ КIуэкIуэ Юрий.

- ГЭС-р ухуэным сом меларди 4-м щигъуэхэтлъхьащ. Абы лэжьэн щIидзэмэ, щIыналъэм электрокъарууэ иримыкъур нэхъ мащIэ ищIынущ. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и унафэщIхэм я гулъытэ сыт щыгъуи зыхэтщIащи, абы щхьэкIэ фIыщIэ яхуэщI, - къыхигъэщащ Шульгинов Николай.

Зэрэгъыж ГЭС-р зыухуахэм Iуэхущ!апIэ зэхуэмыдэхэм я щIыхь тхылъхьэр ираташ, зыбжанэм республикэм и щIэ лъапIэхэр фIащащ.

ДЖЫЛАХЪСТЭН Дисэ.

Шы цIыкIуэхэр - сабий цIыкIуэхэм

КЪБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий Илъэсыщ!эмкIэ ехъуэхъуащ Налшык къалэм дэт Сабий унэм щыIэхэм.

- РЕСПУБЛИКЭ унафэщIхэм къабгъэдэкIыу, Илъэсыщ!эмкIэ сынывэхъуэхъуну сыхуейт Сабий унэм и лэжьакIуэхэми цIыкIуэхэми, - захуигъэзащ махуэшхуэр ягъэлъапIэну къызэхуэсахэм. - 2016 гъэр тынш дыдэу екIуэкIауэ пхужыIэнукъым, ауэ ар ди гум къызэринэжыну Iуэхуфlэхэмкlи гъэщIауэ щытащ. Ди гуапэт гугъуехьхэр къызэдэнэкIауэ къыщIэкIыу, 2017 гъэм дызыщыгуфIыкIын ехьулIэныгъэхэр къытхуихыну. ФIыщIэ яхуэсщIыну сыхуейщ емызэшу гурэ псэкIэ мы Iуэху мытыншым пэрыт дэтхэнэ лэжьакIуэми адэанэхэми. Узыншагъэ фIэну, фи сабийхэм я ехьулIэныгъэ къэкIуэну зэманым зэхэтхыну си гуапэщ.

КъБР-м и Iэтащхьэм Сабий унэм тыгъэ яхуищIащ пони шы лIэужьыгъуэм хуэдэу плIы. «Сыщогугъ сабийхэр а тыгъэм щыгуфIыкIыну, нэхъыщхьэращи, я уэхэр яхэвыкIыжыныкIэ ахэр сэбэп яхуэхъуну», - къыхигъэщащ КIуэкIуэ Юрий.

Сабий унэм узынщагъэр щрагъэфIэкIуэж и къудамэм зи псантхуэхэм сэкъат иIэу мы зэманым сабий 50-м щыкIэлъэпль, КъБР-м и Iэтащхьэм и саугъэтри нэхъыбэу ахэрщ зыхуэгъэзар.

ИДАР Саниэ.

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий Нарткъалэ къыщызэIуихащ спорт Iуэхущ!апIэ

Узыншагъэр щрагъэфIакIуэ спорт Iуэхущ!апIэм хэтщ псыгуэн, хьэмэм, волейбол, баскетбол, мини-футбол щыдзэгуну пэщхэр, нэгъуэщIхэри. Пэшышхуэр щэнхабзэ-спорт зэхыхьэхэр щрагъэкIуэкIыным сыткIи хуэгъэпсащ.

КъБР-м СПОРТЫМКIЭ и министр Хъущт Асльэнбэч зэрыжиIамкIэ, Iуэхущ!апIэр яухуащ «УФ-м Физическэ щэнхабзэмрэ спортымрэ зыщегъэужьын» федеральнэ программэм и фIыгъэкIэ икIи сом мелуан 250-рэ текIуэдащ. Абы зыхуей хуэIуэхущIэ зэуэ щагъэуэтынущ цIыхуи 150-м.

- Иджырей мардэхэм тету мыпхуэдэ Iуэхущ!апIэ япэу Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщызэIутхыу аращи, фIы къытхудэкIуэну дыщогугъ. Я узыншагъэр щрагъэфIакIуэм и мызакъуэу, мыбдеж ди щIалэгъуалэр Iуэху дахэхэм щыдрагъэхьэхьэфынущ, я гупсысэм зыщIуэзэщIынущ. СызэрепльымкIэ, аращ псом нэхърэ нэхъыщхьэр, - жиIащ КIуэкIуэ Юрий, нарткъалэдэсхэм защ!ихуигъаззм.

КъБР-м и Iэтащхьэм фIыщIэ яхуищIащ спорт Iуэхущ!апIэр зыухуахэм икIи псоми ехъуэхъуащ Илъэсыщ!эмкIэ.

КЪАНЩАУЭ Мэлычыпхъу.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалащхьэ Налшык хьэзыр щыхъуащ Урысей Федерацэм мыхьэнэ нэхъ ин дыдэ щызиIэ объектищым яцыщ, перинатальнэ центрыщIэр.

● Илъэсыщ!э тыгъэхэр

Сом меларди 2-рэ мелуан 420-рэ и уасэ ухуэныгъэ

УХУЭНЫГЪЭМ трагъэкIуэда сом меларди 2-рэ мелуан 420-р 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 31-м ирихьэлIэу къагъэсэбэпын хуеяти, ар хъарзынэу зрагъэхъулIащ. Подрядчикыр и къалэнхэм егугъуащ, лэжьыгъэ нэхъыщхьэхэр и чэзум зэфIагъэкIащ, Iэмэпсымэхэр ирикъуу щIагъэувэри, егугъуу зэтраухуащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым Узыншагъэр хъумэныкIэ и министерствэм и унафэщIхэмрэ дохутырхэмрэ мы перинатальнэ центрыр къыщызэIуахыну махуэм зэрыпэплъар гурыIуэгъэщ. Iуэхущ!апIэр технологие лъагэхэм хуэгъэпса медицинэ IэмэпсымэхэмкIэ къызэрагъэпэщащ. Грамм 500-м зы тIэкIукIэ щIигъуу къалъху сабийхэм тэмэму зрагъэужьын папщIэ, ахэр сэбэпышхуэ хъунущ.

Центрыр иджырей технологиехэм къитIасэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щауха ялэ сымаджэщщ: гъуэгуанIи 130-м тещIыхьащ, зы сменэм щIыхубзи 100-м щакIэлъыплъыфынущ (ухуэныгъэм метр зэбгъуэзнатIэ мин 31-рэ 770 еубыд). Абы хэтынущ педиатриемкIэ, гинекологиемкIэ, нур-бзий диагностикэмкIэ, щIыхубз уэндэгъуэхэмрэ сабий къалъхуагъащIэхэмрэ узыфэ гуэрхэр яIэмэ ар щIэзэхагъэкIыну къудамэхэр, хэхауэ щакIэлъыплъыну пэш щхьэхуэр, нэгъуэщIхэри.

Сымаджэщым Iэщ!агъэлI 600-м щIигъу щылэжьэнущ.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

Перинатальнэ центрым и зы пэш.
Сурэтыр **Къумахуэ Аслъэн** *трихащ.*

Мэлыд псори

КъакIуэ, къакIуэ, Илъэсыщ!э,
Насыпыщ!э къытхуэзыхь.
Ди утыкум щыщ!эращ!эу
Дэ уэ ёлкэ пхуэдэхуащ.
ЗэщIэпщIыпщIэу, гъэщIэгъуэну
Щыгъэ цIухэр кIэрытщIащ.
Аддэ ищхьэм зэщIэлыдэу
Вагъуэ плъыжьхэр пыгъэнащ.
Мэлыд псори щхъуэкIэплъыкIэу,
Ди гуфIэгъуэм зиIэтащ.
Матэм изу саугъэтхэр
Ди Уэс Дадэм къытхуихьащ.

ЩОДЖЭНЦIЫКIУ Iэдэм,
Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ усакIуэ.

● Гу зылъытапхъэ

Налшыкдэсхэр гуфIэгъуэ дауэдапщэхэм хэтыну ирагъэблагъэ

Налшык къалэ округым и щIыналъэ администрацэр къалэдэсхэм Илъэсыщ!эмкIэ йохъуэхъу икIи 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 31-м екIуэкIыну гуфIэгъуэ Iуэхухэм хэтыну ирегъэблагъэ.

А МАХУЭМ **сыхьэт 14-м** «Победа» кинотеатрым деж къыщызэрагъэпэщынущ «Уэ дыпIощIэ, Илъэсыщ!э!» карнавалыр. Абы хиубыдэу зэпеуэхэр, джэгу зэмылIэужьыгъэхэр, къафэхэр екIуэкIынущ, сабийхэм таурыхъ зэмылIэужьыгъуэхэм хэт лIыхъужьхэр кьаIущIэнущ.

Сыхьэт 18 - 21-хэм Абхъазым и утым щекIуэкIынущ «ИлъэсыщIэмкIэ къалэдэсхэм дыныбохъуэхъу!» махуэшхуэ концертыр. Абы эстрадэм и артист пэрытхэр хэтынущ. Концертыр занщIэу эфирым кIуэуэ «Къэбэрдей-Балъкъэр» телеканалым игъэлъэгъуэнущ **сыхьэт 18 - 20-хэм** къриубыдэу.

Илъэсыщ!эр къыщыунэху жэщыбг дакъикъэм Къэбэрдей театрым и гупэм деж гуфIэгъуэ салют щатынущ.

● Щымрэ цыхымрэ

Къурмэн Іэлисэхь и хьэл гъуэзэджэр

Бахьсэнёнкэ къуажэм щыщ нартыхугъэкІ цІэрыІуэ Къурмэн Іэлисэхь зы хьэл гъуэзэджэ хэлъщ- емызэшу щІэ гуэрхэм мэлъыхъуэ, къегъуэт, ахэр я лъабжьэу илъэс къэс ехъулІэныгъэ нэрылъагъуэхэр зыІэрегъэхьэ. Абы бэдэжэнду иІыгъ гъавэ щІапІэр щІэныгъэлІэмрэ Іэщ1агъэлІэмрэ я кІуапІэ-плъапІэщ; нартыху, сэхуран лъэпкъыщІэхэр щагъэунэху, щІыгъэпшэрхэм, химикатхэм я щытыкІэр къыщапщытэ, мэкъумэш щІэкІэм и Іэмалыщ1эхэм щыкІэлъэплъ. Дунейм и щытыкІэм, зэрызихъуэжьыкІэ емылъытауэ псы зэдэмыкІуэ хьэсэхэм гъавэ бэв къызэрыщыхуэхъум и щэхуэхэр яджыну республикэм и нартыхугъэкІ куэд Къурмэным и губгъуэм зэпымыууэ «щохьэщІэ».

ДЫЗЭРЫЩЫГЪУАЗЭЩІ, зи мурадым лъэІэсыр тегушхуауэ Іэхэур зыІунэтІырщ, зыІэрыт Іэнатіэм и мыжьэнэр нэгъэсауэ зыхэзыщІэрщ, лэжьыгъэм кІэухуэ иІэнумкІэ жэуапткІуэу зыхэувыфырщ. А псори Іэлисэхь дыболъагъу. Мы илъэсми зригъэхъулІахэр абы и щыхьэтщ - гектарым хуэзэу ику иту центнер 96-рэ къыт-рихри, Бахьсэн щІынальэм бжьыпэр щиубыдащ, «Нартыху гъэкІыным къуаулъхуа Іэщ1агъэлІ» цІэр игъэпэжащ.

Гъавэ лъэпэкъыщІэхэр щигъэнэху хьэсэм нэхъыбэж къытекІащ. Къапщтэмэ, «Дюпон-Пионер» фирмэм къыщигъэкІа ПО-216 гибридым гектар къэс центнери 121-рэ, П-9241 лІэужьыгъуэм - центнери 111-рэ къратащ.

Сэхуранри къеХъулІащ - гектарым хуэзэу центнер 25,3-рэ къыщІИуІкІащ.

Я жылэм щызэхэта «Красный Кавказ» колхозымрэ кьуажэ советымрэ я тхьэмадэу илъэс куэдкІэ лэжьа Іэщ1агъэлІ гумызагъэр гъавэгъэкІэхм я ІэхъущІафэм кІэлъоплъ, языныкъуэ бдзжэндырылажьэхэм гектарым нартыху гъавапхъэу центнер 70-м нэс къащІыхутемыхым егъэпІейтей. Къурмэным къызэрилъытэмкІэ, ар щхьэусыгуфІэ хуэдизм щхьэкІ. Апхуэдэщ, псальэм папщІэ, агротехникэм и хабзэхэр тэмэму зэрамыгъэзащІэр, гъавэ щІэкІэм и Іэмалхэр куууэ зэрымыджьр, иджырей щыгъэпшэрхэр, гербицидхэр фейдэ пылъу и чэзум къызэрамыгъэсэбэпыр, нэгъуэщІхэри.

- Жьлапхъэхэр мыщІагъуэмэ, бзаргъым ущыгугъ хъунукъым. Кьпхуагъэлъагъуэ псори хэпсэнэр щыугъэшхущ. Гибридхэр зэрагъэунэху, къатепщІыкІхэм зэрызауэжь щІыкІэм ущымыгъуаззмэ, жылапхъэхэр тэмэму пхуэзэхъунукъым, уи щІыпІэм, уи щІым нэхъыфІу езэгъэнэну пэжу пхуэгъэнэІунукъым. Мэкъумэш щІэным я фІэщу зезытхэм кьалэныншхуэ я пщэ дохуэ. Абы щІыпІэльэщынур жылапхъэхэм зэкІунигъэрэ зэщхьэщыкІынигъэу ІІэхэр зэхагъэкІыфу зрагъасэмэщ, бзаргъым хэзыгъэхъуэ биологиеІ Іэмалхэм зыхагъэгуэзэмэщ, рынокым и хабзэхэр яджмащ, - жеІэ Къурмэн Іэлисэхь. - ЩІым зэрелэжь, хьэсэхэр зэрызэблахъу щІыкІэм мыхьэнэшхуэ иІэщ. Абыхэм демыгъуэмэ, къэжІыгъэхэр кьабзэу зедмыхьэмэ екъулІэныгъэ диІэнукъым, хэтлъхьэр кІыдитыжынукъым, щІыр фейдэнІщэу дгъэхьэулейуэ аращ.

Езы Къурмэным а псоми гулъытэшхуэ хуеІщ, гъавэ щІэкІэм и Іэмал нэхъыфІ псори Іэрыхуэу кьегъэсэбэп.

- КІэчаным и кьарур жылапхъэфІэгъэп, щІым и къэуатымрэ и Іэфімрщ. Ар тщІымыгъупщэу мэкъумэш щІэкІэм и Іэмал Іуэнэхуэхэр егупсысауэ къэдгъэсэбэлмэ, ди гуэнхэр гъавэнщэ хъунукъым,- кІыхьеГэщ Бахьсэнёнкэ кьуажэм щыщ нартыхугъэкІ цІэрыІуэм.

ЫР Іэуес.

● Щапхъэ

Зи бзэр зи псэ Мэшыкъуэ Радимэ

Ди гуапэ зэрыхъущи, иджырей щІалэгъуалэм куэду яхэтщ жылагъуэ гъащІэм хуэжьыджэрхэр, дзыхь къыхуащІ Іэнатіэр егъэфІэкІуэным, зегъэужьыным гурэ псэкІэ хущІэкъуэхр. Апхуэдэхэм ящыщщ Арщыдан къуажэм дэт курыт школ №03-м и унафэщІ, лэжьыгъэм и къызэгъэпэщакІуэ Іэкіуэлъэкіуэ, зэхэщІыкІ куу зиІэ хэкупсэ нэс Мэшыкъуэ Радимэ и ныбжькІэ щІалэми, фІыуэ щыгъуазэщ зыпэрыт Іэнатіэм и зэхэлъхьэм. Ар ящыщщ Лэскэн щІынальэм и егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ Іэнатіэм зиужьыным хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщІхэм.

АРЩЫДАН дэт курыт школ №92-р екъулІэныгъэкІэ къыуакІ Радимэ. Абы зэрыжиІэмкІэ, школым щыщІэса илъэсхэм ар дапщэщи щІэхъуэпсу щытащ юрист Іэщ1агъэр зригъэгъэуэтыным, арщхьэкІэ класс нэхъыжьхэм ар нэхъыбэу щыдахьэх хъуащ анэдэлъхубзэмрэ лъэпкъ литературэмрэ икІи мурад ищІащ абыхэм нэхъ кууэ хуеджэну.

- Адыгэбзэм и Іэфіагъымрэ лъэпкъ литературэм и беягъымрэ гурэ псэкІэ зыхьзигъэщІащ а предметхэр школым щыдзэзыгъэджа ГІхэгІыкІ Лусэ, - жеІэ Радимэ. - А бзылъхугъэ псэ кьабзэм, егъэджакІуэ нэсым къызбгъэдилъхьа щІэныгъэфІым и фІыгъэщ КъБКъУ-м и адыгэбзэ кьудамэм лъэпощхьэпо хэмылъу сызэрыщІэтІысхьэфари.

Курыт школым щІэныгъэ лъабжьэфІ щызыгъэтІылъа пщащэр адыгэбзэмрэ литературэмкІэ щІынальэпсо олимпиадэм щытекІуэри, ди республикэм и егджапІэ нэхъыщхьэм и студентКэ занщІэу хъуащ. Еджэным кьыдэкІуэ, университетым щекІуэкІ жыгагъуэ гъащІэмэ жыджэру хэту, студент илъэсхэр купщІафІэу ирихьэкІащ Радимэ. ФІыуэ ильэгъуэ Іэщ1агъэмкІэ щІэныгъэ нэхъыщхьэ зригъэгъуэта нэужь, абы лэжьыгъэм и япэ лъэбакъуэхэр щинаф эзыр щеджа, Арщыдан жылэм дэт курыт школ №92-м.

Абы льандэрэ блэкІа зэманым къуриубыдэу зэи къэхъуакъым гурэ псэкІэ къыхиха и Іэщ1агъэм Радимэ щыхущІегъуэжа, щытезэша. КъугурыГуэрт узыщеджа школым къэбгъэзэжу щІэныгъэ къэзута егъэджакІуэхэм уабгъэрыувэу дерсхэр птыным жэуаплныгъэ хэха зэрыпыщІар. Ар и гуращэу, егъэджакІуэ ныбжьыщІэр дапщэщи хущІэкъуащ абыхэм яхуэфащэу щытыныр, и лэжьыгъэри къызыхуэтыншэу зэрырихьэкІыным.

Жэуапланыгъэр зыхищІэу лэжьыгъэм бгъэдэт Мэшыкъуэм гу лъамытэу къэнакъым. Адыгэбзэмрэ литературэмрэ щІэблэм яригъэжьу ильэс зыбгъупщІкІэ лэжьа нэужь, 2008 гъэм ар ягъэуващ школым и унафэщІу. ГупсысэщІэрэ Іуэху бгъэдыхьэкІащІэрэ зыбгъэдэлъ Радимэ зэман кІэщІым кьурибубзэу хэпщІыкІыу иригъэфІэкІуащ еджапІэм и Іуэхур. Армырами егъэджэныгъэгъэсэныгъэ лэжьыгъэфІ зыдэлъу кьекІуэкІ школым екъулІэныгъэщІэкІэр зыІэригъэхьэу, Зыуэ щыт кьэрал экзаменыр ныкъуасыгъэнщэу, щІэныгъэфІ кьагъэльагъуэу яту щыхуежьащ.

Апхуэдэ лэжьэкІэфым и жагъэр Мэшыкъуэм щызэфІегъэувэ 2015 гъэм и пэщІэдзэ льандэрэ зи унафащІ Арщыдан дэт курыт школ №03-ми.

- Иужьрей зэманым щІэныгъэм и гъунапкъэхэм хуабжьу заубгъуащи, сабийхэм щІэныгъэ зэрыбгъэдалъхьэ щІыкІэхэми зауэжащ. Ди школыр щытщ ЕгъэджэныгъэмкІэ федеральнэ кьэрал стандартыщІэр (ФГОС) къэщтэнымкІэ гъэунэхуп1э Іуэхущ1апІэу. ФГОС-м кьиГъэув кьалэнхэр я пІабжьэу, егъэджэныгъэгъэсэныгъэм кьыхьихьэ методикэ пэрытхэр я гуаззу мэлажьэ да егъэджакІуэхэр, я гъэсэнэхэр я предметэм зэрыдгъэхьыным хущІэкъуу, - жеІэ школ унафэщІым. - Пэжыбгъэр тэрэзу кьиззэгъэпэща хъунымкІэ зэфІэкІыщхуэ ябгъэдэлъщ си кьуэдзэхэу ХьутІэжь ХьэІишэтрэ Суйдым Тамарэрэр. Абыхэм, ди егъэджакІуэ Іэзэхэм я фІыгъэщ еджапІэм зыІэригъэхьэ екъулІэныгъэхэр.

УнафэщІу яГъуэву дерсхэр тыныр Іэщ1ыб ищІын хуей хъуами, анэдэлъхубзэм хуиІэ гулъытэм кІэриГъэхуакъым Радимэ. Школым адыгэбзэр щезыгъэджэхэри абыхэм я гъэсэнхэри жыджэру хэтщ районым, республикэм щекІуэкІ зэхьэзэхуэхэм. Абыхэм уяпІэфІэхэр щІэх-щІэхьыурэ къыщІахь «Си бзэ - си псэ, си дуней» республикэпсо зэпеуэм. Мыгъэрей апхуэдэ зэхьэзэхуэм и район Іыхьэм школым етІуанэ уяпІэр къыщІихащ. Абы и утыку зэфІэкІ льагъэкІэ ипкІэ щІызыгъэлъэгъуахэм ящыщщ езы Радимэ.

- Дэтхэнэ егъэджакІуэми и пщэм дежи ягъэ изогъэщ: зейр зымыльагъум, нэгъуэщІ хуэлъагъунукъым. Псом япэрауэ, схуэзфІэкІ сщІэнущ курыт еджапІэхэм адыгэ хабзэр, адыгэбзэр тэмэму щаджьыным екъэлІауэ. Адыгэ хабзэр тгъэкІуэдыкым хуэдэкъым, адыгагъэм щапІыкІа щІэблэм къэралри пъэпкъри игъэщІэхъунукъым.

КьищІынэмыщІауэ, хэкум кьэзыгъэззэжа ди лъэпкъыгъуэхэм зэрызащІэдгъэкъуэн Іэмал сыпІыкъуэнущ. Хэкум кьэкІуэжьну хуей адыгэхэм паубыд дэфтэр гъунэнщэхэр нэхъ мащІэ ящІыпхъэу кьызолъытэ. Псальэм папщІэ сыт урысыбзэмкІэ экзамен ятын щІыхуейр абыхэм? Ди щІынальэм адыгэбзэри балъкъэрыбзэри щыкъэралыбзэу Конституцэм щитхакІэ, езыхэр щыадыгэкІэ, адыгэбзэр щащІакІэ, абы-кІэ экзаменыр щхьэ ятмэ хъурэ? КьищІынэмыщІауэ, ЩІалэгъуалэ палатэм къызэригъэпэщауэ зы лъэпкъ Іуэху, зэІущІэ, дауэдапщэ срихьэлІакъым. Абы и лъэныкъуэкІи ди палатэр згъэпэжьэнут.

- Мурадыфхэр уиІэщи, ахэр кьохьулІэну, ди гуапэщ, Хьэчим.

- УпсэуІ ИлъэсыщІэ дызытехьэмкІэ ди цІыхухэм сехъуэхъуну сыхуейт: тхуэфІыну, тхуэмахуэну, ди мурад кьытхуэзэпищэну, зыдэдужьыну Тхьэм жиІэ!

Епсэльар

ФЫРЭ Анфисэщ.

Псапэ тщІэуэ дыкъогъуэгурыкІуэ

2016 гъэр зыхуэфІахэм ящыщщ зи лэжьыгъэкІэ, жэрдэмкІэ лъэпкъым къыхэжаныкІа ЖылэгъащІэ Хьэчим. Ар «Черкесский ренессанс» жылагъуэ зэгухэзныгъэм и унафэщІщ, езым и хьэрычэтыщІэ Іуэху къызэІуихауэ егъэлажьэ, унагъуэ хуэмыщІахэм ядоІэлыкъу, КъБР-м и Парламентым и ЩІалэгъуалэ палатэм иджыблагъэ хагъэхьащ.

И Іуэхуэм тедгъэпсэлъыхьыну «Адыгэ псаэ» газетым и хьэщІэщым Хьэчим къедгъэблэгъащ.

- ЩІалэгъуалэ палатэм уэзрыхагъэхьамкІэ дыноныхуэхъу! Ди щІэджыкІакІуэхэм закъебгъащІыхуну сыхуейт.

- Сэ Налшык къалэм сыкъыщалъхуащ, курыт еджапІэ №9-р къэзухри, 2004 гъэм КъБКъУ-м химиемкІэ и къудамэм сыщІэтІысхьащ. СызыхуеджамкІэ лэжьыгъэ щызымыГуэтым, Санкт-Петербург сыкІуэри, маркетингым кьызэрыгуэкІ лэжьакІуэу щыщІэздзэри, унафащІ сыкъэхуу сыдэкІуащ, ауз сыкъыщалъхуэ щыналъмэ сэбэп сыщыхъумэ нэхъ къасщтэу, къэзгъэззэкащ. СыкъэсщЖри, хьэрычэтыщІэ Іуэху кьызэІуэсащ, унэхэр зетхьэу зы гуп кьызэззгъэпэщри.

- «Черкесский ренессанс» жылагъуэ зэгухэзныгъэр кьызэрызэбгъэпэщам, абы кьалэну зыхуигъэувыжьым утезыгъэпсэлъыхьынут.

- Республикэм къэзгъэззэжа нэужь, лъэпкъ Іуэху зесхуэну сыхуейуэ, интернетым гуп цІыкІу кьыщІэзззгъэпэщащ, щІалэгъуалэр нэхъ зыгъэпІейтейхэм дытепсэлъыхьу, ди епІыкІэхэр зэхуэтІуатэу. Гупым хэтхэмрэ къэтІэт Іуэхугъуэхэмрэ я бжьыгъэм щыкъэхъуэм, дызытелъжьэн хуейр кьыщыдгурыІуэм, жылагъуэ зэгухэзныгъэ кьызэздгъэпэщащ, «Черкесский ренессанс» щІэри фІэтащ. Лъэпкъ Іуэхуэм, дауэдапщэхэм дыхэту, псапІэ ди Іуэху дыкъоГуэгурыкІуэ.

- Сыт хуэдэ а псапэхэр?

- Къуажэ-къуажэкІэрэ дыщыщІэупщІэуэрэ, хуэмыщІа щыІэмэ зыдогъащІэри, апхуэдэ унагъуэхэм дадоІэпхьэну. - Нэхъ хуэмыщІа унагъуитІым мазэ кьэс защІэдгъэкъуэну ди мурадщ, ар псы, газ, яхущІэшэныр, куэбжэ яхуэхъухьэныр, унэр яхуэхьэныр, нэгъуэщІхэми ятеухуауэ щытынущ. Кьыхэзгъэщіпхъэщ, зыхуэзфІэмыкІым защІэдгъэкъуэн Іуэху зэрызетхуэр кьэзыщІахэми кьыщІтщэхуэр уасэ ныкъуэкІэ кьызэрыдатыр, кьыхэзрыгуэкІ щІыхуэм зэрызыкІытщІагъакъуэр - дыщыщлажьэ унагъуэм ноКІуэри, щхьэж хуэзфІэкІыр ещІэ.

- Апхуэдэ Іуэху щхьэпэхэм нэмыщІауэ, политикэми ухьихьэну мурад пщІащ. Сыт абы и щхьэусыгъуэр?

- Политикэ Іуэху зесхуэр тэкъым. Ауэ зиужь дит Іуэхуэхр нэхъ тхуэгъэкІуэтэну пІэрэ, ари сэбэп хъууэ зыкІэри, си тхылъхэр ЩІалэгъуалэ палатэм ешэзэ ЗЫхьати, сыпхыкІащ. Апхуэдэ дзыхь кьыщысхуащІакІэ, ГащІэм абы сыщрипшэлІакІэ, си кьару кьикъ къэзмыгъанэу сылэжьынущ.

- Хьэчим, сыт щІэуэ хэплъхьэфыну щІалэгъуалэ Іуэхум?

- Сэ сыадыгэщ, ар сытым дежи япэ изогъэщ: зейр зымыльагъум, нэгъуэщІ хуэлъагъунукъым. Псом япэрауэ, схуэзфІэкІ сщІэнущ курыт еджапІэхэм адыгэ хабзэр, адыгэбзэр тэмэму щаджьыным екъэлІауэ. Адыгэ хабзэр тгъэкІуэдыкым хуэдэкъым, адыгагъэм щапІыкІа щІэблэм къэралри пъэпкъри игъэщІэхъунукъым.

КьищІынэмыщІауэ, хэкум кьэзыгъэззэжа ди лъэпкъыгъуэхэм зэрызащІэдгъэкъуэн Іэмал сыпІыкъуэнущ. Хэкум кьэкІуэжьну хуей адыгэхэм паубыд дэфтэр гъунэнщэхэр нэхъ мащІэ ящІыпхъэу кьызолъытэ. Псальэм папщІэ сыт урысыбзэмкІэ экзамен ятын щІыхуейр абыхэм? Ди щІынальэм адыгэбзэри балъкъэрыбзэри щыкъэралыбзэу Конституцэм щитхакІэ, езыхэр щыадыгэкІэ, адыгэбзэр щащІакІэ, абы-кІэ экзаменыр щхьэ ятмэ хъурэ? КьищІынэмыщІауэ, ЩІалэгъуалэ палатэм къызэригъэпэщауэ зы лъэпкъ Іуэху, зэІущІэ, дауэдапщэ срихьэлІакъым. Абы и лъэныкъуэкІи ди палатэр згъэпэжьэнут.

- Мурадыфхэр уиІэщи, ахэр кьохьулІэну, ди гуапэщ, Хьэчим.

- УпсэуІ ИлъэсыщІэ дызытехьэмкІэ ди цІыхухэм сехъуэхъуну сыхуейт: тхуэфІыну, тхуэмахуэну, ди мурад кьытхуэзэпищэну, зыдэдужьыну Тхьэм жиІэ!

Епсэльар

ФЫРЭ Анфисэщ.

● Щыпсэ цыхымрэ

Мы махуэхэм

Дыгъэгъазэм и 30, *мэрем*

♦**1972 гъэм** Къэбэрдей-Балъкъэрым ЛъэпкъэмкІэ я зэныбжьэгуфІэ орденыр къыхуагъэфащащ.

♦Еджагъэшхуэ, КъБР-м щІэныгъэхэмкІэ щыІэх зиІэ и лэжьакІуэ **Чым Юрий** къызэралъытхуэ илъэс 85-рэ ирокъу.

♦Къэрал къулыкъущІэ, РСФСР-мрэ КъБАССР-мрэ щыІэх зиІэ я дохутыр **Бер Мухьэдин** и ныбжьыр илъэс 82-рэ ирокъу.

♦Философие щІэныгъэхэм я доктор, профессор, ЩІДАА-м и академик **Делэкъарэ Къадырбэч** и ныбжьыр илъэс 77-рэ ирокъу.

♦РАН-м и член-корреспондент, профессор, КъБР-м щІэныгъэмкІэ щыІэх зиІэ и лэжьакІуэ **Тембот ФатІимэт** къыщалъхуа махуэщ.

Дыгъэгъазэм и 31, *щэбэт*

♦Филологие щІэныгъэхэм я доктор, профессор, КъБАССР-мрэ РСФСР-мрэ щІэныгъэмкІэ щыІэх зиІэ я лэжьакІуэ **Балъкъэр Борис** къызэралъхуэр илъэс 99-рэ ирокъу.

♦Композитор, уэрэджьыІакІуэ, КъБР-м и цІыхубэ артист, УФ-м гъуэзджэхэмкІэ щыІэх зиІэ и лэжьакІуэ **Бэрэгъун Владимир** къызэралъхуэр илъэс 81-рэ ирокъу.

ЩІышылэм и 1, *тхьэмахуэ*

♦**ИЛЪЭСЫЩІЭ МАХУЭШХУЭЩ**

♦Къэрал къулыкъущІэ, юридическэ щІэныгъэхэм я доктор, УФ-м юстицэмкІэ и министру, ДАХ-м и япэ тхьэмадэу щыта **Къалмыкъ Юрий** къызэралъхуэр илъэс 83-рэ ирокъу.

♦Истамбыл щыпсэу хеттолог, ЩІДАА-м и академик **Чурей Алий** и ныбжьыр илъэс 80 ирокъу.

♦КъБР-м щыІэх зиІэ и журналист, публицист **БжэныкІэ Мухьэб** и ныбжьыр илъэс 76-рэ ирокъу.

♦Журналист, зэдзэкІакІуэ, КъБР-м и ЩІыхь тхылъыр зрата **Тэнащ Анатолий** и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу.

ЩІышылэм и 2, *блыщхь*

♦УФ-м щэнхабзэмкІэ щыІэх зиІэ и лэжьакІуэ, кинорежиссёр, тхакІуэ **Вэрокъуэ Владимир** и ныбжьыр илъэс 81-рэ ирокъу.

♦КъБР-м и цІыхубэ сурэтыщІ **Бгъэжьнокъуэ Заурбэч** и ныбжьыр илъэс 72-рэ ирокъу.

♦Пшынауэ Іэзэ, КъБР-м, КъШР-, АР-м, ИР-м щІыхь зиІэ я артист **Лосэн Тимур** и ныбжьыр илъэс 44-рэ ирокъу.

ЩІышылэм и 3, *гъубж*

♦**1934 гъэм** Къэбэрдей-Балъкъэрым Ленин и орденыр къыхуагъэфащащ.

♦УФ-мрэ КъБР-мрэ щІыхь зиІэ я егъэджакІуэ **Къардан Мухьэб** къызэралъхуэр илъэс 92-рэ ирокъу.

♦Медицинэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор, УФ-м щІыхь зиІэ и дохутыр **Хьэцыкіу Анатолий** къызэралъхуэр илъэс 86-рэ ирокъу.

♦Урысейм и цІыхубэ артистэ **Гъэсашэ Наталье** къыщалъхуа махуэщ.

♦Физико-математикэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Елей Валерий** и ныбжьыр илъэс 77-рэ ирокъу.

♦КъБР-м и цІыхубэ артист **Битокъуэ Аслъэнбэч** и ныбжьыр илъэс 48-рэ ирокъу.

ЩІышылэм и 4, *бзэрэжьей*

♦**1943 гъэм** Налшык кьалэр нэмыцэ-фашист зэрыпхъуэкІуэхэм къыщалъагъэкІыжащ.

♦КъБР-м щыІэх зиІэ и нартыхугъэкІ, Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь **Іэрэмысэ Ахьмэд** къызэралъхуэр илъэс 84-рэ ирокъу.

♦Урысей Федерацэм спортымкІэ щыІэх зиІэ и мастер, XXVII Олимп джэгуэхэм алыдж-урым бэнэкІэмкІэ я чемпион **Къардан Мурат** и ныбжьыр илъэс 46-рэ ирокъу.

ЩІышылэм и 5, *махуэжь*

♦**1992 гъэм** Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и япэ Президентыр хахащ.

♦КъШР-м и цІыхубэ, КъБР-м щІыхь зиІэ я артист **Шумахуэ Хьэзрэіил** и ныбжьыр илъэс 74-рэ ирокъу.

♦Биологие щІэныгъэхэм я доктор, ЩІДАА-м и академик, АР-м, КъШР-м, КъБР-м, Кубаным щІэныгъэмкІэ щыІэх зиІэ и лэжьакІуэ **Щоджэн Іэсхьэд** и ныбжьыр илъэс 65-рэ ирокъу.

ЩІышылэм и 6, *мэрем*

♦**1926 гъэм** Налшык къыщалъхуахащ Гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ щІэныгъэхутэ институтыр.

♦ТхакІуэ, журналист, УФ-м щэнхабзэмкІэ щыІэх зиІэ и лэжьакІуэ, КъШР-м щыІэх зиІэ и журналист **Даур Жэхьфэр** и ныбжьыр илъэс 86-рэ ирокъу.

♦КъБР-м и цІыхубэ усакІуэ **Къагьырмэс Борис** къызэралъхуэр илъэс 82-рэ ирокъу.

ЩІышылэм и 7, *щэбэт*

♦**Хьэисэ бегьымбарыр кьыщалъхуа махуэщ**

♦Дирижёр, УФ-м щыІэх зиІэ и артист **ЩэбэтыкІуэ Натбий** и ныбжьыр илъэс 74-рэ ирокъу.

♦Истамбыл дэт Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Озмен (Хеймащэ) Орхан** и ныбжьыр илъэс 72-рэ ирокъу.

♦Къэрал къулыкъущІэ, хьэрычэтыщІэ, УФ-м и Къэрал Думэм и депутат **Быф Анатолий** и ныбжьыр илъэс 64-рэ ирокъу.

ЩІышылэм и 8, *тхьэмахуэ*

♦УФ-м ФедерацэмкІэ и Совет-тым хэта **Къэжэр Альберт** къызэралъхуэр илъэс 52-рэ ирокъу.

ЩІышылэм и 9, *блыщхь*

♦УсакІуэ, Іэрыпуэтэдж **Джэдгъэф Хьэсен** и ныбжьыр илъэс 85-рэ ирокъу.

♦КъБР-м щэнхабзэмкІэ щыІэх зиІэ и лэжьакІуэ **Санэ Иринэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦«Адыгэ псалъэ» газетым и кьудамэм и унафэщІ, КъБР-м щыІэх зиІэ и журналист **Хьэжыкъарэ Алик** и ныбжьыр илъэс 61-рэ ирокъу.

Зыгъэхьэзырар

ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іуэщыгъэ:

Акъылыфіэм делэми бзэ кьыхуегъуэт.

● Хъэзэхъу

Апхуэдэщ Динарэ

«ЦІыху зыпІ цІыху уасэ хон», - жеІэ адыгэ псалъэжьым. Сабий бгъуэтыныр, ар пПІныр, абы цІыху къыпщІыкІыу къэбгъэтэджыныр насыпышхуэ. КьохьэлъэкІыркъым абы тебгъэкІуадэ къаурри, зэманри, мыпхъури, дэтхэнэри уфІэмащІэу, «нэхъыбэж езгъэгъуэтащэрэт, езгъэлъэгъуащэрэт» жыбоІэ сытым деди.

ЗЭМАНЫМ кьеэзрезэгъыр апхуэдэущи, сабийр илъэсищ ирикъуа нэужь садым догъакІуэ, абы щагъасэмэ, щІэныгъэ къыщІихмэ нэхъ тфІэфІу. А Іуэхущ1апІэм ди цІыкІуэхэм кьащІыхьлъэпІэ, и каурри и гуащІэри кьытезыгъэкІуадэ гъэсакІуэм хуэбгъэфащэ хъунущ псалъэ дахэ куэд.

Мы тхыгъэмкІэ зыхуэдгъазэу фІыщІэ хуэтщІыну дыхуейщ Налшык кьалэ дэт гимназие №13-м кьепхауэ лажьэ 51-нэ сабий садым и гъэсакІуэ Мэкъуауэ Динарэ.

И псалъэхэм кьыззэрыхэщыкмкІэ, ар езыр садым кІуэн фІэфІу щытащ. И гъэсакІуэхэм щапхъэ ятрихьу, кьыдэкІуэтеймэ, абыхэм ещхьу щабэу, гуапэу, щІэныгъэ ябгъэщ1эрэ абыкІэ цІыкІуэхэм ядэгуэшэфу, цІыху гъащІэм лъабакъуэщІэ хачэныкІэ дэІэпыкъуэгъу яхуэхъуу щытыну хуэупсэрт Динарэ. Курыт еджапІэр кьиуха нэужь, и нэ кьызыкІ Іэщ1агъэм хуеджэну педагогикэ колледжым щІэтІысхьащ. И щІэныгъэм трагъэгушхуэу, яфІэфІу ирагъэжащ хьыдджбзэр. Ар кьумурн Налшык кьалэ дэт сабий сад № 63-м сурэтщІыныкІэ и лэжьакІуэу ури, илъэсихкІэ а Іэнатіэр ирихьэкІащ. 2009 гъэ льандэрэ 51-нэ садым и лэжьыгъэ мытынышм щыпещ.

Мэкъуауэр зы махуи кьыпикІуэтакъым лэжьыгъэм, мазэущІэ къэунэхуум кьаруущІэ къыхилъхьэу, и гъэсэн цІыкІуэхэм ящыгуфІыкІыу Іуэхущ1апІэм макІуэ. И Іэщ1агъэмкІэ щІэныгъэфІ зэрыбгъэдэлъыр плъагъуу, сабийхэр кьыдихьыжьыр мазэ кьэс щІэ гуэрым хуигъасэу, гъэсэныгъэ кьабгъэдилъхьэу апхуэдэщ Динарэ. Уи бным и кьэухьым зэрызиужьыр щыплпльагъуа, и гур кьитгуфІыкІыу, нэсыкъу пІщэдджьжь кьэс садым щыпшэм деж кьыбгуроІуэ гъэсакІуэм и гугъуехьэр псыхэкІуадэ зэрымыхъур.

ИлъэситІым нэсауэ ди сабийхэм я гъэсакІуэ Мэкъуауэ Динарэ и гугъуехьэр зэхэзымыщІыкІрэ, ар кьызыгурымыІуэрэ адэ-анэхэм кьытхэтхъым, абы псори зэрыхуэарэзыми шэч хэлъхьэм. Дэ кьыдбгъэдэкІыу дызыхуэхІуэ Илъэсыщ1эмкІэ дехъуэхъуну дыхуейт ди бынхэм я анэ етІуанэм хуэдэу кьахуущІ, псоми фІыцІэ тльагъу Динарэ. Узыншэу, и бын и гуфІэгъуэ илъагъуу, и лэжьыгъэм кьыпэкІуэ хьэрым щыгуфІыкІырэ абы дзэжэгъуэ кьуриту иджыри кьуэдэрэ псэуну Тхьэм жиІэ!

Гимназие №13-м кьепхауэ лажьэ «Алёнушка» сабий сад №951-м и«Дыгъэ шыр» гупым зи бын екІуалІэ адэ-анэхэр.

КъБР-м и Хэхакіуэ комиссэм Бахьсэн район администрацэм и унэм иджыблагъэ щриГъэкІуэкІа зэІущІэр теухуауэ щытащ хэхыныгъэхэм зыхуэгъэхьэзырынымкІэ, ахэр егъэкІуэкІынымкІэ щІынальэ комиссэхэм зэфІагъэкІэхэм.

АБы КЪРИХЬЭЛІАЩ КъБР-м и Хэхакіуэ комиссэм и унафэщІ Джэш Вячеслав, абы и кьэудэз Евтушенкэ Сергей, КъБР-м и Хэхакіуэ комиссэм и секретарь Джаппуев Муссэ, КъБР-м и Хэхакіуэ комиссэм информацэм и центрымкІэ и унафэщІ Бештокъуэ Мурат, Бахьсэн район администрацэм и Іэтащхьэ Сыжажэ Хьэсэн, КъБР-м и Парламентым и комитетым и унафэщІ Мэлбахъуэ Борис, КъБР-м и Парламентым и комитетым и унафэщІым и кьудэз Мэремыкъуэ Сэфарбий, республикэм и муниципальнэ районхэмрэ кьалэ округхэмрэ я щІынальэ хэхакіуэ комиссэхэм я унафэщІхэр.

Республикэм щыІэ хэхакіуэ комиссэхэр хэхыныгъэм и Іыхьэнэм зэрылэжьам кьызэхуэсахэр щыгъуазэ ищІащ КъБР-м и Хэхакіуэ комиссэм и секретарь Джаппуев Муссэ.

Хэхыныгъэм и лъэхъэнэм хэхакіуэхэм ядэлэжьэныкІэ ирагъэкІуэкІа конкурсым щытелэ округхэмрэ я щІынальэ хэхакіуэ комиссэхэм я унафэщІхэр.

Республикэм щыІэ хэхакіуэ комиссэхэр хэхыныгъэм и Іыхьэнэм зэрылэжьам кьызэхуэсахэр щыгъуазэ ищІащ КъБР-м и Хэхакіуэ комиссэм и секретарь Джаппуев Муссэ.

Хэхыныгъэм и лъэхъэнэм хэхакіуэхэм ядэлэжьэныкІэ ирагъэкІуэкІа конкурсым щытекІуаэу кьалъытащ Бахьсэн районым и щІынальэ хэхакіуэ комиссэр. ЕтІуанэ увыпІэр - Май районым и щІынальэ хэхакіуэ комиссэм, ещанэр - Дзэлыкъуэ районым и щІынальэ хэхакіуэ комиссэм хуагъэфащащ. Зэпеуэм щытекІуаэм щыхь тхыльхэмрэ саугъэт лъапІэхэмрэ ираташ.

ЧЫЛАР Аринэ.

● ЩІЭ

Лъэпкъыр нэхъри зэрегъэубыд

Мы илъэсым хэта лъэпкъ гуфІэгъуэ махуэшхуэхэм я нэхъыщхьэ жыпІэ хъунущ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий и унафэкІэ фокІадэм и 20-м ягъэлъапІэ Адыгэхэм (Шэрджэсхэм) я махуэр. Ар мы гъэм ещанэу екІуэкІащ. Илъэс къэс цІыху нэхъыбэ къырихьэлІэу, гуфІэгъуэ дауэдапщэхэм зиубгъуу къыззрагъэпэщ махуэ дахэр ящІэ дыдэу ДАХ-м и зэхуэсым 2013 гъэм хьщыхэзыльхьар Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, ЩІДАА-м и вице-президент «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ Хьэфыщіэ Мухьэмэдщ. Абы къигъэльэгъуар адыгэ лъэпкъым и щхьэр щигъэлъэпІэжьи, щІалэгъуалэр гушхуэу щызэхыхьэн зы гуфІэгъуэ махуэ диІэн зэрыхуейрщ.

АДЫГЭ щыпсэу къэрал псоми а махуэм фестивалхэр, концертхэр, зэпеуэхэр, гъэлъэгъуэныгъэхэр, спорт зэхьэзэхуэхэр щебгъэкІуэкІ хъуну, лъэпкъым и къуэ, ипхъу пажэхэр бгъэлъапІэну зэрыІэмалыкІыр къэхигъэщащ Хьэфыщіэ Мухьэмэд икІи адыгэ лъэпкъыр нэхъри зэкъуэхэмыкІэ, къэщІэрэщІэжьнымкІэ, бгъэдэлъ хъугъуэфІыгъуэхэм зегъэужьынымкІэ, анэдэлъхубзэр ягъэшэрыуэнымкІэ, хабзэмрэ щэнхабзэмрэ яхъумэнымкІэ сэбэп зэрыхъунур жиІаш.

Апхуэдэ жэрдэмкІэ Дунейпсо, Къэбэрдей Адыгэ Хасэхэм я тхьэмадэхэм КЪБР-м и Іэтащхьэм зыщыкъуагъэзэм, къигъэщІэхъуакъым - абыи къилъытащ а махуэм фІы куэд кьыдэкІуэну.

Иджы Адыгэхэм я махуэр Урысей Федерацэм адыгэхэр куэду щыпсэу и республикищым кьыщащтэмэ, абы и лъабжьэр нэхъ куу хъунут, нэхъыбэ кьыззщІиубыдэнут. Кьыщынэмыщ1ауэ, шэч хэлъкъым, мыр хэдэ куэдым щыхэпхъа ди къуэшхэми кьыззрыддаІыгъынум. Абы теухуауэ щызэпсэлъащ Дунейпсо ящІ. Ящ1эу а Іэхэум абы зрипщІащ 2012 гъэм. Гуп кьыхэхам ар хэхуакъым, Галстян Арсен кьэфІэкІри. Кьыхэдгъэщынщи, абы щыгъуэм Галстянщ Урысейм ящэ дыщэ олимп медалыр кьззыхьар. ИлъэсиплІ дэкІри, Мудрэн Беслъэн апхуэдэ дыдэу ящэ дыщэ медалыр къэралым кьыхуилэжьащ.

КЪЭХЪУН Бэч.

Дыщэ лъагъуэхэш



2016 гъэм екІуэкІа Олимп джэгухэм шэч кьызытумыхьэн текІуэныгъэр кьыщызыхьа Мудрэн Беслъэн спортымкІэ зыгъэсэн щІидзащ и ныбжьыр илъэс 13-м иту. Самбэмкіэ секцэ зэрыщыІэр абы кьыжезыІар и кьуэш нэхъыщІэрат. Спортым зэрыдихьэхар нэхъапэхэм Беслъэн и адэ-анэм ящибзыщІащ, сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, ар еджэным зэран хуэхъуну абыхэм кьалъытэрт.

САМБЭМКІЭ кьыщІидзэри, зымащІэкІэ бэнэкІэ хуитымкІэ зигъэсащ. «Сэ кимано сиІэтэкъым - нэгъуэщІ щыгъын сщыгъыу зызгъасэу арат, - игу кьиІэжьыж Беслъэн, - хэзыхьэхэм ухэтын щхьэкІэ хэуфащэу ухуэпауэ ущытын хуейт. Си тренерым и киманор кьызитауэ щытащ. НэгъуэщІым и щыгъын СІыгъыу унэм сыкьыщыкІуэжам, сэтей сымыщІу хъуакъым самбэмкІэ зызэрызгъасэр икІи ар хьфІэздзэну сызэрыхуэмейр. Абы щыгъуэм ди адэр си гъусэу зэхьэзэхуэм нэкІуащ. Зы зэІущІэм фІэкІа сыщытемыкІуами, абы си бэнэкІэр игу ирихьат. Арати, секцэм сыкъыхэнащ».

Спортсмен ныбжьыщІэм и зэфІэкІ псори къыщызэкъуихар Ермэлыкъалэрщ (Армавирщ). Абы ди щІалэр иригъэблэгъащ и зэчийм гу лъызыта Бабоян Рудольф. Гугъэшхуэкъэ уэзыгъэщІ бэнакІуэм зыгъэсэн щыщІидзащ Армавир самбэмрэ дзюдомрэ я спорт хэщІапІэм - япэщІыкІэ самбэмкІэ зыгъэсэныгъэхэм пищащ, итІанэ 2008 гъэм дзюдор къыхихащ.

А илъэс дыдэм Мудрэн Беслъэн пашэ щыхъуащ дзюдомкІэ щІыналъэмрэ Урысейм я чемпионатхэм. Дунейпсо, европэ зэпеуэхэм зыбжанэрэ щытекІуа Мудрэныр Урысейм спортым щыхъ зиІэ и мастерщ.

Олимп джэгухэм хэтыныр Беслъэн и спорт гъащІэм и плъапІэ нэхъыщхьэу щы-

Псыгуэнсу щыщ пелуан

Джэду Аниуар 1987 гъэм Псыгуэнсу (Жанхъуэтхьэлэ) къуажэм къыщалъхуащ. И ныбжьыр илъэс 11-м иту абы бэнэкІэмкІэ зыгъэсэн щІидзащ. Еджэнымрэ спортымрэ зыр адрейм зэран хуэмыхъуу зэдэзыхьыфэ щІалэ цІыкІум и мурадхэр и адэ-анэмрэ и ныбжьэгъуэхэмрэ къыдаІыгъыу къэхъуащ. Апхуэдэ щІэгъэкъуэныгъэмрэ тегушхуэныгъэмрэ я фІыгъэкІэ Джэдум спортым екъулІэныгъэшхуэхэр щызыІэригъэхьащ.

